



Pou Piblikasyon Imedya: 15/04/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL ANONSE NOUVO ORYANTASYON POU ELAJI AKSÈ
NAN KONT BANKÈ KI GEN KOU BA AN REKONESANS AK MWA EDIKASYON
FINANSYE NASYONAL LA**

Depatman Sèvis Finansye a pibliye nouvo oryantasyon bay bank règlemante New York yo pou ogmante sèvis bankè ki gen kou ba yo

Bank Eta a règlemante yo kapab kounye a ofri kont sètifye "Bank On" pou satisfè kondisyon bankè ki abòdab

Aksè nan kont ki gen kou ba fondamantal pou sante finansye pou Nouyòkè ki gen revni ba yo ka gen opsyon bankè abòdab, FDIC asire pou pwoteje ak ogmante ekonomi yo te genyen anba redi

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nouvo oryantasyon pou elaji aksè nan kont bankè ki gen kou ba pou Nouyòkè yo an rekonesans Mwa Edikasyon Finansye Nasyonal la. Nouvo oryantasyon DFS la ankouraje bank Eta a règlemante yo pou ofri kont sètifye "Bank On" pou satisfè kondisyon bankè ki abòdab nan eta a. Kont Bank On yo elimine frè dekouvè (pou depans ki depase balans) yo epi enpòtan pou atire moun nan kominote defavorize yo nan sistèm bankè a. Refòm sa yo esansyèl pou ede Nouyòkè ki gen revni ba yo jwenn aksè ak opsyon bankè abòdab, FDIC asire ki pwoteje ak ogmante ekonomi moun yo te genyen anba redi. Sa baze sou ajanda enklizyon finansye Gouvènè a ki gen ladan atake dèt ak bòdwo sipriz yo, ede fanmi ak diplome yo avèk prè etidyan, gwo egzijans nan pwoteksyon itilizatè ak transparans pou pwodui finansye yo ak lòt aksyon resan pou ede Nouyòkè yo jwenn sekirite finansye.

"Enfòmasyon finansye yo se yon konpetans lavi ki esansyèl pou byennèt finansye tout moun epi se poutèt sa Eta New York kontinye pran mezi odasye pou ogmante aksè nan sèvis bankè abòdab", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandemi COVID-19 la te montre kijan sa enpòtan pou tout Nouyòkè yo gen sekirite finansye epi jwenn aksè nan sèvis bankè ki gen kou ba se yon bagay esansyèl pou jere ak garanti bezwen finansye. Nouvo kont sa yo pral ede moun nan kominote defavorize ki travay di yo jwenn opsyon bankè abòdab, aksesib yo bezwen epi se yon etap esansyèl pou asire yon ekonomi ki pi enklizif pou tout moun".

Sipèentandan Sèvis Finansye a, Adrienne A. Harris, te deklare, "Kapasite pou gen yon kont bankè se yon bagay fondamantal pou zafè sante finansye. Atravè kont Bank On ak kont Bankè Debaz yo, plis Nouyòkè kapab jwenn aksè nan sèvis bankè sekirite, abòdab ki elimine yon seri frè, sa gen ladan fè dekouvè, inaktivite ak balans ki ba".

Dapre yon ankèt [FDIC](#) te mennen, anviwon 7.1 milyon fanmi Etazini "pa te itilize sèvis bankè" an 2019, sa vle di okenn moun nan fanmi an pa te gen kont kouran oswa epay nan yon bank oswa koperativ. Itilizatè nan kominote ki gen revni ba ak mwayen yo te souvan fè fas ak frè kont bankè si yo te gen yon dekouvè nan kont yo, rete pi ba pase limit balans oswa pa itilize kont yo regilyèman. Dapre lwa aktyèl la, enstitisyon bankè yo gen obligasyon pou ofri sèvis bankè ki gen kou ba swa atravè Kont Bankè Debaz New York yo oswa atravè yon altènativ ki avantaje pou itilizatè yo. Kont sa yo elimine gwo frè yo pou kapab elaji aksè nan kont bankè yo nan kominote ki gen revni ba ak mwayen yo.

Fè kont Bank On yo tounen yon altènativ pou òf kont Bankè Debaz New York la se yon etap enpòtan pou amelyore aksè nan sèvis finansye epi amelyore enfòmasyon finansye nan Eta a. Kont "Bank On" yo rekonèt nan tout peyi a epi disponib tout kote. Kont bankè abòdab yo tankou "Bank On" ki elimine frè dekouvè, aktivasyon kont, fèmti, inaktivite ak frè pou balans ki ba se bagay ki enpòtan pou atire moun nan kominote defavorize sa yo nan sistèm bankè a. Pwogram Bank On lan te enspire plizyè milyon itilizatè nan tout peyi a pou ouvri nouvo kont bankè epi aksyon sa pral ede fè kont sa yo vin pi aksesib atravè Eta New York.

Senatè Eta James Sanders Jr. te deklare, "Mwen felisite Gouvènè Hochul ak Depatman Sèvis Finansye Eta New York la dèske yo emèt Kont Bank On ak Kont Bankè Debaz. Kòm Prezidan Komite Sena sou Bank yo, mwen konnen New York gen yon gwo bezwen pou sèvis bankè abòdab ak aksesib yo. Mezi Gouvènè a ak DFS te pran yo esansyèl pou ogmante aksesibilite nan sèvis finansye yo pou tout moun".

Manm Asanble Patricia Fahy te deklare, "Twòp Nouyòkè, espesyalman nan kominote san privilèj ak defavorize nou yo, manke aksè ki esansyèl nan sèvis finansye yo. Mwen aplodi nouvo oryantasyon Gouvènè Hochul ak Depatman Sèvis Finansye Eta New York la dèske yo elaji aksè nan kont bankè ki gen kou ba pou Nouyòkè yo. Gen yon bezwen esansyèl pou asire sèvis finansye ak bankè yo aksesib pou tout kominote New York yo—pa sèlman kèk. Mwen felisite Gouvènè Hochul ak Depatman Sèvis Finansye a pou lidèchip kontinyèl yo sou pwoblèm sa".

Manm Asanble Khaleel Anderson, te deklare, "Antanke Prezidan Sou-Komite Bank nan Kominote ki Defavorize yo, mwen felisite Gouvènè Hochul ak Sipè-entandan Harris pou lansman Bank On, yon nouvo inisyativ ki pral elaji aksè nan kont ki gen kou ba epi ede amelyore kominote nou yo ki pa itilize sèvis bankè. Isit la nan Sidès Queens, fanmi nwa ak bren yo nan katye tankou Arverne ak Rosedale ap viv nan mank sèvis bankè, kote depa enstitisyon bankè fizik yo te konpwomèt sante finansye ak opòtinite ekonomik. Kòm yon lejislatè eta, mwen te adopte lejislasyon enpòtan sa pou sipòte kominote ki pa itilize sèvis bankè epi ede bay resous pou ti pwopriyetè biznis yo, sa gen ladan MWBE nou yo, pandan n ap batay pou restore aksè posib nan kredi, kapital ak

prè. Mwen angaje pou m travay avèk Gouvènè a ak DFS pou asire fanmi nan klas ouvriye yo gen aksè ak opsyon bankè ki abòdab, FDIC asire ki pwoteje ak devlope ekonomi yo genyen anba redi pou jenerasyon alavni yo".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Fon Vil pou Otonomi Finansye yo, Jonathan Mintz, te deklare, "Bank On kontan anpil pou li fè patenarya avèk Gouvènè Hochul ak Depatman Sèvis Finansye Eta New York la pou ede ogmante aksè Nouyòkè yo nan kont bankè ki sekirite, abòdab ak totalman fonksyonèl. Desizyon Gouvènè jodi a pral rann li pi fasil ak pi enteresan pou enstitisyon finansye agreye nan New York yo rejwenn plis pase 200 lòt bank ak koperativ atravè peyi a ki gen kont sètifye epi pou bay rezidan yo zouti fondamantal sa pou ankouraje estabilite ak kwasans finansye".

Yon etid 2020 Bank Rezèv Federal St. Louis la te jwenn ke 80% itilizatè ki ouvri kont Bank On te nouvo nan enstitisyon sa epi apeprè 60% te ouvri nan katye ki majoritèman minoritè yo. [Oryantasyon règlemantè](#) jodi a elaji disponibilite kont Bank On ki rekoni nasyonalman nan pèmèt enstitisyon bankè New York yo ofri kont sa yo kòm yon altènativ pou kont Bankè Debaz ki egziste yo. Kont Bank On yo swiv yon seri [estanda](#) pou ofri fonksyonalite kont ki gen frè zewo oswa ba, sa gen ladan frè dekouvè yo.

Jwen yon kopi Oryantasyon Bank On lan sou [sitwèb DFS la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)